**दिन—मंगलवार** **दिनांक—19.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

राज्य मे पहिल चरणक चुनावक अंतर्गत औरंगाबाद, गया, नवादा आ जमुई संसदीय सीटक लेल उन्नैस अप्रील कऽ मतदान होयत। काल्हि अधिसूचना जारी होयबाक संगहि, एहि सभ सीट पर नामांकनक प्रक्रिया आरंभ भऽ जायत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि अट्ठाईस मार्च अछि। नामांकन पत्रक जाँच तीस मार्च कऽ कयल जायत जखनकि, उम्मीदवार दू अप्रील धरि नाम वापस लऽ सकैत छथि। एनडीए मे सीट बंटवाराक अंतर्गत औरंगाबाद सीट भाजपाक कोटा मे गेल अछि। नवादा आ जमुई सीट लोजपा रामविलास के भेटल जखनकि गया सीट हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा के देल गेल अछि। विपक्षी महागठबंधनक दिस सँ एखन धरि सीटक बंटवारा तय नहि भेल अछि।

—————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री आ राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक प्रमुख पशुपति कुमार पारस आइ केन्द्रीय मंत्रीमंडल सँ त्यागपत्र दऽ देलनि। लोकसभा चुनावक लेल प्रदेश मे एनडीए के सीट बंटवाराक घोषणाक बाद श्री पारस ई निर्णय कयलनि अछि। समझौता में श्री पारस के पार्टी के एकहुं सीट नहि देल गेल। नव दिल्ली मे मीडिया से गपसप मे श्री पारस अपन त्यागपत्रक घोषणा करैत कहलनि जे हुनक पार्टीक संग अन्याय कयल गेल अछि।

—————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे पशुपति कुमार पारस के बेस सम्मान भेटल आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हुनका केन्द्रीय मंत्रीमंडल मे जगह सेहो देलनि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपसप मे श्री सिन्हा कहलनि जे हुनका युवा पीढ़ी के आगां बढ़ेबाक लेल चिराग पासवान के मददि करबाक चाही।

—————————————————————————

दरभंगाक पूर्व सांसद आ केन्द्रीय मंत्री अली अशरफ फातमी जनता दल यूनाईटेड छोड़ि देलनि अछि। ओ पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार के लिखल पत्र मे श्री फातमी कहलनि जे नैतिक मूल्यक रक्षाक लेल ओ जदयूक सभ पद सहित प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तीफा दऽ रहलाह अछि।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक दरमियान धन–बलक दुरूपयोग रोकबाक लेल आयकर विभाग पटना मे एक नियंत्रण कक्षक स्थापना कयलक अछि। नियंत्रण कक्षक टोल फ्री नम्बर – एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पांच छओ दू एक तीन वा व्हाट्सएप नम्बर सात सात छओ तीन नओ चारि शून्य शून्य छओ छओ पर काला धनक प्रवाह आ उपयोग संबंधी सूचना वा शिकायत दर्ज कराओल जा सकैत अछि। एहि लेल ई–मेल बिहार डॉट नोडल डॉट एलेक्शन एट द रेट इनकम टैक्स डॉट जीओवी डॉट आई एन पर सेहो सूचना देल जा सकैत अछि। ई कंट्रोल रूम चुनावक समाप्ति धरि चौबीसो घंटा काज करत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक घोषणाक बाद विभिन्न जिला प्रशासन स्वच्छ आ निष्पक्ष मतदानक तैयारी मे जुटि गेल अछि। एहि के अंतर्गत समस्तीपुर जिला मे पहिल बेर भोट खसबयबला युवा लोकनि मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। समस्तीपुर विमेंस कॉलेज मे **मेरा पहला वोट कार्यक्रमक** अंतर्गत युवा सभ कँ मतदान प्रक्रियाक जनतब देल गेल।

———————————————————————————

काल वैशाखीक प्रभाव सँ राजधानी पटना सहित दक्षिण बिहारक कतेको भाग मे थमि–थमि कऽ वर्षा भेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान जमुई के चकाई मे सोलह दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार अगिला दू दिन धरि प्रदेशक अधिकतर भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा भऽ सकैत अछि। किछु ठाम वज्रपातक आशंका के लऽकऽ अलर्ट सेहो जारी कयल गेल। विभाग जनौलक जे काल्हि के बाद अधिकतर स्थान पर तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक कमी के संभावना अछि।

———————————————————————————

होली पर यात्री लोकनिक सुविधाक लेल देशक विभिन्न भाग सँ बिहारक अलग–अलग स्टेशनक लेल रेलवे तेरह जोड़ी आओर स्पेशल ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। एहि ट्रेन सभक परिचालन विशाखपत्तनम, पुरी आ डॉक्टर अंबेदकर नगर सहित आन स्टेशन सँ भिन्न–भिन्न तिथि कऽ कयल जायत।

———————————————————————————

चेतना समितिक तत्वावधान मे पटनाक विद्यापतिक भवन मे काल्हि बुध दिन अपराह्न साढ़े तीन बजे सँ महान विदुषी उभय– भारती के सम्मान मे पहिल बेर हुनक जयंती मनाओल जयबाक आयोजनक निर्णय लेल गेल अछि। सर्वविदित अछि जे विदुषी भारती पंडित मंडन मिश्रक पत्नी छलीह आ स्वयं के पंडित मिश्रक अर्धांगिनी होयबा के सार्थक करैत जगतगुरू शंकाराचार्य के संग शास्त्रार्थ कएने छलीह।

———————————————————————————

स्विस संगठन आई क्यू ए आई आर अपन हालहि के रिपोर्ट मे जनौलक अछि जे वर्ष दू हजार तेईस मे बिहारक बेगूसराय विश्वक सभ सँ बेसी प्रदूषित शहर रहल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।